**दिन–सोमवार** **दिनांक–27.04.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रदेश मे आब सभ सरकारी कार्यक्रमक शुभारंभ राष्ट्रीय गीत वंदे मातरम् सँ होयत। एकर तुरंत बाद राष्ट्रीय गान होयत आ पुनः निर्धारित कार्यक्रम शुरू भऽ सकत। कार्यक्रमक समापन बिहार राज्य गीत सँ कयल जायत। सामान्य प्रशासन विभागक सचिव मोहम्मद सोहैल एहि संबंध मे सभ विभागीय प्रमुख पुलिस महानिदेशक, सभ प्रमंडलीय आयुक्त आ जिलाधिकारी लोकनि के निर्देश देलनि अछि। निर्देश मे सभ सरकारी कार्यक्रम आ शैक्षणिक संस्थान मे एकर गायन लेल क्रमक निर्धारण कयल गेल अछि।

---

पश्चिम बंगाल मे विधानसभा चुनावक दोसर चरणक मतदानक वास्ते चुनाव प्रचार समाप्त भऽ गेल। उनतीस अप्रील के मतदान होयत। मतदान के देखैत पश्चिम बंगाल सँ सटल बिहारक सीमावर्ती क्षेत्र मे सुरक्षा–व्यवस्था बढ़ा देल गेल अछि। चुनाव प्रचारक अंतिम दिन आइ भाजपा, टीएमसी, कांग्रेस समेत सभ पार्टी पूरा ताकत लगा देलक। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बैरकपुर मे भाजपा प्रत्याशीक समर्थन मे जनसभा के संबोधित कयलनि।

---

प्रदेशक उत्तरी आ दक्षिणी क्षेत्र मे मौसम मे अलग–अलग परिस्थिति बनल अछि। रोहतास, भभुआ, औरंगाबाद, बक्सर समेत दक्षिण बिहार मे अधिकांश ठाम भीषण गर्मी पड़ि रहल अछि। कतेको ठाम अधिकतम पारा बेयालीस डिग्री सेल्सियसक लऽगपास पहुंचि गेल अछि। ओतहि, लू सँ जनजीवन प्रभावित भेल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे तैंतालीस डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग रोहतासक डेहरी प्रदेशक सभ सँ गर्म स्थान रहल।

---

दोसर दिस प्रदेशक उत्तरी भाग मे अन्हर, बरखा, वज्रपात आ ओलावृष्टि सँ भारी क्षति भेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे कटिहार, पूर्णियां, अररिया समेत सीमांचलक अधिकांश भाग मे अन्हर, बरखा आ ठनका खसबाक घटना मे भारी नोकसान भेल। कटिहार मे ठनकाक चपेट मे अयला सँ तीन गोटेक मृत्यु भऽ गेलनि,

जखनकि, पूर्णियांक अमौर मे सेहो ठनकाक चपेट मे अयला सँ एक महिलाक मृत्यु हेबाक संवाद प्राप्त भेल अछि। अररिया मे एक गाछ सँ दबिकऽ एक महिलाक मृत्यु भऽ गेलनि। बरखा आ ओलावृष्टि सँ फसिल सभ के भारी नोकसान भेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे आइयो अररिया, किशनगंज, कटिहार आ पूर्णियां जिला मे किछु स्थान पर मेघगर्जन, ठनका खसबाक संग अन्हर आ बरखा हेबाक आशंका बनल अछि। ओतहि, प्रदेशक दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–मध्य भाग मे भीषण गर्मीक स्थिति बनल रहत।

————————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कटिहार मे ठनकाक चपेट मे अयला सँ तीन गोटेक भेल मृत्यु पर दुख व्यक्त कयलनि अछि। ओ अपन संदेश मे कहलनि अछि जे आपदाक एहि समय मे ओ प्रभावित परिवारक संग ठाढ़ छथि। मुख्यमंत्री मृतकक आश्रित लोकनि के तत्काल चारि–चारि लाख टाकाक अनुग्रह अनुदान राशि देबाक निर्देश देलनि।

————————————————————

प्रधानमंत्री राष्ट्रीय बाल पुरस्कार दू हजार छब्बीस लेल नामांकन आमंत्रित कयल जा रहल अछि। प्रधानमंत्री राष्ट्रीय बाल पुरस्कार एक प्रतिष्ठित राष्ट्रीय स्तरक पुरस्कार अछि, जे प्रति वर्ष राष्ट्रपति द्वारा देशक बच्चाक असाधारण उपलब्धि के मान्यता देबाक लेल प्रदान कयल जाइत अछि। एकर अंतर्गत पांच सँ अठारह बरखक आयुक बच्चा के वीरता, समाजिक सेवा, पर्यावरण, खेल, कला आ संस्कृति तथा विज्ञान आ प्राद्योगिकी ऐहन श्रेणी मे उत्कृष्टता प्रदर्शित करबाक लेल पुरस्कृत कयल जाइत छनि।

————————————————————

मुजफ्फरपुर सँ सोनवर्षा धरि प्रस्तावित फोरलेन सड़कक निर्माण काज शीघ्रहिं शुरू होयत। एहि वास्ते भूमि अधिग्रहण लेल अधिसूचना जारी कऽ देल गेल अछि। जखनकि, दू हजार पांच सय करोड़क एहि परियोजनाक डीपीआर तैयार कऽ लेल गेल अछि। ई परियोजना दू वर्ष मे पूरा होयत। एहि सँ मुजफ्फपुर आ सीतामढ़ी जिला समेत बिहारक आनो क्षेत्रक लोक के लाभ हेतनि।

————————————————————

दरभंगा मे कानून व्यवस्था के मजगूत करबाक उद्देश्य सँ पछिला दू राति पुलिस पैदल रूट मार्च निकाललक। वरीय पुलिस अधीक्षक जगुनाथ रेड्डी जल्लारेड्डीक नेतृत्व मे प्रशिक्षु आरक्षी लोकनि एकैस किलोमीटरक रूट मार्च निकालि कऽ अपराधी सभ के चुनौती देलनि।

———————————————————————

ज्ञान भारत मिशनक अंतर्गत चलाओल गेल राष्ट्रव्यापी पांडुलिपि सर्वेक्षण अभियानक अंतर्गत सुपौल मे पिपरा प्रखंडक जोल्हनियां गाम सँ एक सय वर्ष पुरान हस्तलिखित पांडुलिपिक खोज कयल गेल अछि। गामक डोमी मंडल अपन एहि विरासत के सहेजि कऽ रखने छलाह।

———————————————————————

अररियाक जिलाधिकारी विनोद दूहन आइ बिहार राज्य आपदा प्रबंधन विभागक अंतर्गत निर्मित जिला आपातकालीन केन्द्रक औचक निरीक्षण कयलनि।

———————————————————————

. समाप्त